दिन—रविवार दिनांक—06.10.2024

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

गर्भाशयक मुहक कैंसर यानी सर्वाइकल कैंसर सँ बचाव लेल आइ सँ विशेष टीकाकरण अभियान शुरू भेल। एहि मे नओ सँ चौदह बरखक बच्ची सभ के टीका देल जायत। उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा आओर स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेयक सोझा मे आइ एच.पी.वी टीकाकरण शुरू भेल। राज्य मे मुख्यमंत्री बालिका कैंसर टीकाकरण अभियान मे पंचानवे लाख बच्ची सभ के टीकाकरणक लक्ष्य राखल गेल अछि।

---

प्रदेश मे बाढ़िक चपेटवला जिला सभ मे फसिल क्षतिपूर्ति लेल आइ सँ आवेदन देबाक काज शुरू भऽ गेल। कृषि विभागक अनुसार एहि लेल दू सय करोड़ टाका देल गेल अछि। किसान सभ के तैंतीस प्रतिशत सँ बेसी फसिल क्षति पर अनुदान देल जायत। एहि मे सिंचिंत क्षेत्रक किसान सभ के प्रति हेक्टेयर सतरह हजार आओर असिंचिंत क्षेत्र मे पचासी सय टाकाक राशि देल जायत। विभागक अनुसार पोर्टल पर देल गेल आवेदनक जांच कृषि समन्वयक सभ करताह। दोसर चरण मे, गंगा आओर कोसी सहित आने—आन नदी मे बाढि सँ भेल फसिल क्षति लेल आवेदन लेल जायत। लोकसभ डी.बी.टी एग्रीकल्चर डॉट बिहार डॉट जीओवी डॉट इन वेबसाईटक माध्यम सँ आवेदन कऽ सकैत छथि।

---

प्रदेश मे अखनहुँ किछु जिला मे बाढ़िक स्थिति भयावह बनल अछि। बागमती आओर अघबारा समूहक नदिक जलस्तर बढ़ला सँ सीतामढ़ी आओर दरभंगा जिलाक कतेको नव—नव क्षेत्र बाढ़िक चपेट मे आबि गेल अछि। लखनदेई नदिक जलस्तर बढ़ला सँ सीतामढ़ी जिलाक बथनाहा, डुमरा आओर रून्नीसैदवपुर प्रखंडक कतेको क्षेत्र डूबि गेल अछि। पैघ संख्या मे बाढ़ि सँ तबाह लोकसभ राष्ट्रीय राजमार्ग आओर ऊँच ठेकान पर शरण लेने छथि। राज्यक अठारह जिलाक एकानवे प्रखंडक उनैस लाख लोकसभ बाढ़ि सँ प्रभावित छथि। बाढ़ि के

देखैत राहत आओर बचाव काज लेल एन.डी.आर.एफ आओर एस.डी.आर.एफक तैंतीस टीम के तैनात कयल गेल अछि।

———————————————————————————

गंगा आओर सोन नदिक जलस्तर कतेको ठाम कमि रहल अछि। गंगा नदिक जलस्तर दीघा घाट, गांधी घाट आओर हाथीदह मे खतराक निशान सँ कमल अछि। सोन नदिक जलस्तर इंद्रपुरी आओर कोइलवर मे यथावत बनल अछि। ओतहि, पुनपुन नदिक जलस्तर श्रीपालपुर, गौरीचक आओर पुनपुन रेल पूल लऽग खतराक निशान सँ कमल अछि। उत्तर बिहार मे बागमती, कमला आओर अघबारा समूहक नदिक जलस्तर मे उतार–चढ़ाव भऽ रहल अछि। केन्द्रीय जल आयोगक अनुसार कोसी आ गंडक नदिक जलस्तर कमि रहल अछि।

———————————————————————————

मौसम विभाग जनौलक अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बीच बेगूसराय, लखीसराय, नवादा आओर शेखपुरा जिला मे झमाझम बारिश भऽ सकैत अछि। एहि बीच, ठनका खसय के लऽकऽ सेहो चेतावनी देल गेल अछि। एम्हर, राज्यक कतेको क्षेत्र मे छिट–पुट बारिश भेल अछि। सभ सँ बेसी एकसठि मिलीमीटर बरखा भागलपुर मे भेल अछि। ओतहि, नालंदा, पूर्णियां आओर कटिहार मे हल्लुक सँ मध्यम बरखा भेल अछि।

———————————————————————————

बिहार राज्य खेल प्राधिकरण दिस सँ राज्य स्तरीय मेजर ध्यानचंद हॉकी बालक आओर बालिका अंडर सतरह प्रतियोगिता काल्हि सँ पटना मे शुरू होयत। ई नओ अक्टूबर धरि चलत। पाटलिपुत्र मैदान मे ई खेल खेलल जायत। ई प्रतियोगिता मे राज्यक सभ जिलाक खेलाड़ी सभ भाग लऽ रहल छथि।

———————————————————————————

शारदीय नवरात्रक चारिम दिन आइ मां दुर्गाक कुष्माण्डा स्वरूपक पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। हिन्दु धार्मिक मान्यताक अनुसार देविक ई स्वरूपक पूजा–अर्चना कयला सँ कष्ट आओर संकट सँ मुक्ति भेटैत अछि। हमर संवाददाता सभ जनौलनि अछि जे मंदिर आओर शक्ति पीठ सभ मे भोरे सँ लोकसभ पूजा–अर्चना लेल आबि रहल छथि। कतेको पूजा पंडाल मे माँ दुर्गाक प्रतिमा के अंतिम रूप देल जा रहल अछि। चहुँदिश माँ दुर्गाक मंत्र आओर भजन सुनल जा रहल अछि। एहि सँ पूरा वतावरण भक्तिमय भऽ गेल अछि।

———————————————————————————————————

अररिया पुलिस छापामारी अभियान चला कऽ एक बंग्लादेशी नागरिक के गिरफ्तार कयलक अछि। हुनका पर आरोप अछि जे ओ फरेबी सँ पासपोर्ट बना कऽ भारतीय सीमा मे आबि गेलाह। हुनक नाम नवाब जनाओल जा रहल अछि।

मधुबनी जिलाक रहिका थाना क्षेत्र मे एक मोमबत्ती आओर बेकरी फैक्ट्री मे आगि लागि गेला सँ लाखो टाकाक नोकसान भेल अछि। भेल आगलगिक घटना मे दुनू फैक्ट्री निठाही जरि गेल। बाद मे दमकलक टीम घटना स्थल पर आबि कऽ आगि पर काबू पौलक।

बेगूसराय नगर निगमक उप–महापौर अनिता राय महापौर पर नगर क्षेत्र मे विकास काजक अनदेखी करबाक आरोप लगौलनि अछि।

अररिया मे एस.एस.बीक बावनम बटालियन दिस सँ बाढ़ि प्रभावित लोकसक बीच आइ राहत समाग्री आओर भोजन–पानि बांटल गेल।

———————————————————————————————————

समाप्त